Kushanya kwaVachenjeri

“Aripiko uyo achangoberekwa anova mambo wavaJudha?” Mateo 2:2

Mateo 2:1-12 - *Kushanya kwaVachenjeri*

**1 Mushure mokuberekwa kwaJesu muBheterehema reJudhea
munguva yaMambo Herodhi, vachenjeri vaibva kumabvazuva
vakasvika muJerusarema, 2 uye vakabvunza vakati, "Aripiko uyo
achangoberekwa anova mambo wavaJudha? Takaona nyeredzi
yake kumabvazuva, uye tauya kuzomunamata."
3 Mambo Herodhi akati achinzwa izvi, akatambudzika
kwazvo pamwe chete neJerusarema rose. 4 Kuzoti
akakokera pamwe chete vaprista navadzidzisi vomutemo,
akavabvunza kwaizoberekerwa Kristu. 5 Vakapindura vachiti,
"MuBheterehema reJudhea nokuti izvi ndizvo zvakanyorwa
nomuprofita achiti:**

> **6 'Asi iwe Bheterehema, munyika yeJudhea hausi muduku
> pamadzimambo ose aJudha, nokuti
> mauri muchabuda mutongi uyo
> achava mufudzi wavanhu vangu valsraeri.'"**

**7 Ipapo Herodhi akadana Vachenjeri pakavanda akavabvunzisisa
nguva chaiyo yainge yaonekwa nyeredzi. 8 Akavatuma
kuBheterehema akati, "Endai mundotsvakisisa mwana uyu.
Kana muchinge mamuwana, mugondizivisawo kuitira kuti neniwo
ndigoenda kundomunamata."**

**9 Mushure mokunge vanzwa zvainge zvataurwa naMambo,
vakapfuurira mberi norwendo rwavo, uye nyeredzi yavakanga
vaoona kumabvazuva yakavatungamirira kusvikira yandomira
panzvimbo paiva nomwana. 10 Pavakaona nyeredzi, vakafara
kwazvo. 11 Vakati vasvika pamba apa, vakaona mwana
namai vake Maria, uye vakakotamira pasi vakamunamata.
Vakasunungura pfuma yavo vakapa zvipo zvegoridhe,
nezvinonhuwira nemura. 12 Uye vakati vayambirwa mukurota kuti
vasadzokera nokuna Herodhi, vakadzokera kwavo neimwe nzira.**